

## BAB V

### KACINDEKAN JEUNG SARAN

#### 5.1 Kacindekan

Pupujian nya éta wangun sastra Sunda heubeul nu masih kénéh hirup di sabudeureun masarakat. Sok sanajan teu loba, tapi geus sakuduna salaku masarakat Sunda ngajaga tur gamumulé titinggal karuhun urang. Saperti pupujian nu kapanggih di Désa Sirnasari Kacamatan Suradé Kabupatén Sukabumi.

Hasil panalungtikan pupujian nu kapanggih di Désa Sirnasari Kacamatan Suradé Kabupatén Sukabumi jumlahna aya 110. Data pupujian dikumpulkeun ti 13 narasumber, di antarana ti ibu-ibu pangajian, guru ngaji, jeung muadzin.

Tina 110 pupujian, ditangtukeun 30 pupujian pikeun dianalisis dumasar kana struktur lahir, struktur batin, fungsi, jeung basa nu dipaké dina pupujian. Struktur lahir pupujian ngawengku jumlah engang, jumlah padalisan, purwakanti, jeung gaya basa. Ari struktur batin pupujian ngawengku eusi, téma, rasa, nada, jeung amanat.

Sabada dianalisis, pupujian nu kapanggih di Désa Sirnasari Kacamatan Suradé Kabupatén Sukabumi bisa dirumuskeun kacindekan saperti ieu di handap.

- 1) Struktur Lahir Pupujian (Jumlah engang jeung jumlah padalisan, purwakanti, jeung gaya basa)

Jumlah engang nu kapanggih dina pupujian nu dianalisis, réréana aya dalapan engang anu ngawengku opat padalisan saban padana. Purwakanti nu mindeng kapanggih nya éta purwakanti maduswara nu jumlahna aya 30. Lian ti éta, kapanggih 10 rupa purwakanti runtuyan pungkas dina wangun rumusan anyar. Ari gaya basa nu dipaké dina pupujian nu dianalisis téh jumlahna aya tujuh. Wangun pupujianana mangrupa wangun sa'ir nu jumlahna 23.

- 2) Struktur Batin Pupujian (Eusi, téma, rasa, nada, jeung amanat)

Tina 30 pupujian nu dianalisis, réréana eusina mangrupa pépéling ngalaksanakeun perkara kahadéan. Téma nu nyangkaruk dina éta pupujian téh lolobana ngeunaan bagbagan perkara kagamaan boh kahirupan di alam dunya boh di ahérat. Rasa nu kagambar réréana rasa sumanget ngalakonan kahadéan. Nada

nu dipaké pangarang dina 30 pupujian nu dianalisis téh nya éta nada umajak ngalakonan amalan anu hadé. Ari amanat nu hayang ditepikeun pangarang réréana sangkan nu maca atawa nu ngaregepkeun nyumponan tur ngalarapkeun eusi pupujian dina laku lampahna sapopoé.

### 3) Fungsi Pupujian

Fungsi pupujian nu dianalisis réréana dinadomkeun dina nepikeun pangajaran agama ka barudak santri di madrasah atawa masjid.

### 4) Basa Pupujian

Basa nu réa dipaké dina pupujian nu dianalisis nya éta basa Sunda. Tapi aya ogé basa campuran (Sunda-Arab), jeung Sunda-Jawa, sarta nu diwuwuhan ku basa séjén, upamana basa Indonésia.

## 5.2 Saran

Sanggeus ngayakeun panalungtikan tur nganalisis pupujian nu kapanggih di Désa Sirnasari Kacamatan Suradé Kabupatén Sukabumi, aya sababaraha hal nu hayang ditepikeun minangka saran.

- 1) Pupujian nu kapanggih di Désa Sirnasari Kacamatan Suradé Kabupatén Sukabumi mangrupa titinggal karuhun urang Sunda nu kudu dijaga tur dimumulé;
- 2) Pikeun pamaréntah daérah Désa Sirnasari Kacamatan Suradé Kabupatén Sukabumi dipiharep bisa ngaramékeun deui pupujian nu masih kénéh dinadomkeun ku masarakatna;
- 3) Pikeun sakola atawa lembaga atikan séjénna dipiharep bisa ngamangpaatkeun sastra daérah nu dijadikeun bahan pangajaran kalayan menarik;
- 4) Pikeun panalungtikan satuluyna, dipiharep bisa ngajembaran analisisna ngeunaan pupujian kalayan nyosok jero.